**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 27 февраль Рузман № 8 (7939) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## ВатIан цIунулесул къо кIодо гьабуна




20 февралалда райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана ВатIан цIунулесул Къо кIодо гьабун данделъи.

Гьенир гIахьаллъана районалъул учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел, администрациялъул хIалтIухъаби ва росдал администрациябазул бутIрул.

Данделъиялъул гIахьалчагIазда ва районцоязда байрам баркун данделъи рагьана Шамил ГIумаровас. Гьеб рагьулаго районалъул нухмалъулес баркала загьир гьабуна жал гьабсагIаталда рагъул байдабазда ругел ва гьединго гIумруялдаса ратIалъаразул цебесеб гIагарлъиялъе бахIарчиял васал гIезаруралъухъ, гьезие къураб лъикIаб тарбиялъухъ. Гьес бицана СВОялда дагъистанияз, гьездаго гъорлъ нилъер районалъул гIолохъабаз бихьизабулеб бугеб бихьинчилъиялъул ва къвакIиялъул, рухIалда бахъщичIого гьез гьабулеб къеркьеялъул.

Гьединго Шамил ГIумаровас бицана армиялда хъулухъ гьабулел нилъер районалъул гIолохъабаз ракIбацIцIадго рагъулаб борч тIубазабулеб букIиналъул.

ВатIан цIунулесул Къо баркун ва гьелъул тарихалъул бицун кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул правовиябгун информациялъул ва технологиязул отделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимов. Гьединго байрам баркун кIалъаял гьаруна жанисел ишазул отделалъул начальник Камал ГIабдулхIакъовас, районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас, социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул районалда бугеб управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад МухIамадовас, райгазеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибировас, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас, лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул комитеталъул нухмалъулев Заурбег МухIамадовас.

Данделъиялда рохалилаб ахIвал-хIалалда кьуна Агъвали гимназиялъул цIалдохъабазе Россиялъул гражданинасул паспортал.



Данделъи лъугIун хадуб байрамалъул хIурматалда тIобитIана Агъвалисан «Дача» блокпостадле щвезегIан автопробег. Гьениб 1999 соналъул августалъул лъугьа-бахъиназда хварал милициялъул хIалтIухъаби ракIалде щвеялъе бараб мемориалияб комплексалда цере лъуна тIугъдузул горал ва тIугъдул.

Юбилей

## МухIамад ГIабдулхабиров гьавуралдаса 85 сон



Жакъа 85 сон тIубала тIадегIанаб категориялъул тохтур-травматолог-ортопед, жамгIияв хIаракатчи, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIаракатчи ГIабдулхабиров МухIамад гьавуралдаса.

МухIамад гьавуна Гъоркьгьаквари росулъ. 1965 соналъ лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб медициналъул институт. 1971 соналъ цIунана медицинаялъул гIелмабазул кандидатасул диссертация. ХIалтIана нилъер районалъул централияб больницаялда хирурглъун ва бетIерав тохтурасул заместительлъун.

1996 соналдаса нахъе гьев вуго Россиялъул Халкъазул гьудуллъиялъул университеталъул травматологиялъул ва ортопедиялъул кафедраялъул доцент, клиникияб базаялъул нухмалъулев.

* * *

**ХIурматияв МухIамад ГIабдулхабирович!**

РакI-ракIалъ баркула дуда 85 сон тIубай. Дур тIолабго гIумру мисаллъун ккола районцоязе. Дур медицинаялъул хIалбихьиялъулъ буго тIубараб эра. Гьелда жаниб дуца аза-азар унтарасул сахлъи ва рохел тIадбуссинаби гуребги, Россиялъул Халкъазул гьудуллъиялъул университеталда доцентлъун хIалтIулаго, гIолохъанал специалистазул тIубараб гIелги ругьун гьабуна.

Нижее, цIумадисезе, мун Москваялда вугев тохтур гуревги, кидаго гIагараб ракьалъул ургъалилъ вукIунев Дагъистаналъул унго-унгояв вас ккола. Дур гъваридаб гражданияб ракIбацIцIалъи хасго загьирлъана 2008 соналъ республикаялъул бесдал лъималазе кумек гьабизе дур гIахьаллъиялдалъун гIуцIараб «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» абураб жамгIияб багьа-бачариялъулъ.

Дур ракIбацIцIадаб хIалтIи, насихIаталъулаб гIакълу, гIемераб лъикIлъи ккана нилъер гIолилазе нухлъун. Дуца бихьизабуна унго-унгояб бергьенлъи махщалил рахъалъ щварал бергьенлъабаздалъун гуребги, дуцаго нахъе тарал лъикIал ишаздалъун борцунеб букIинги. Гьелъие нугIлъи гьабула гьал ахирал соназ дуца районалда рарал обелисказгун памятниказ.

Ниж рохарал ва чIухIарал руго дудаса.

Гьарула дуе щулияб сахлъи, гIорхъи гьечIеб къуват, жеги гIемерал соназ халкъалъе хъулухъ гьабизе гьира-шавкъ.

**ХIурматгун, районалъул бетIер Шамил ГIумаров**

ГIадамалги нухалги

# Шагьранух-гIумрудул бидурихь

КватIараб сардил гIужалъ гIагарай чIужуялъ дир телалде бачIараб цIумуралъ дагьаб хIинкъи кIанцIизабуна рекIелъ.

-Шибдай ккараб? -ан букIана тел борхилалде ботIролъ женжедулеб пикру: цо лахIзаталъ гьеб щвемунги нижгун йохилин хьулгун,- анги абун, гьаб-добалъул бицун, баракатаб, росу цIилъизе тIамураб галилъун батагиха нухилан гьара-рахьиги гьабун, нижеца кьокь гьабуна.

-Гъамсукь бицунел рукIунин нух бахъиялъе къваригIараб-хIажатаб, трактористасдасагун техникаялде щвезегIан балагьулаго, жив векерахъдарав. ГIемеразда лъала гьев гьитIинаб къоялдаса нахъе гIараб гIелмуялда тIадги чIарав, гIолохъанго вукIун, росдае дибирлъиги гьабурав, хIажалъи ккаралъуве хIалаеги тIоцеве вахъунев, сабурав, гIодове виччараб сахаватав инсан. Найихъабазул къокъадул цевехъаниланги абула гьесда.



**-МухIамад, Аллагьас баракатаб батаги шагьранухги, лъикIалъе, рохалие гурони жиндасан хьвадизе ккогеги. Аслияб жо, росу цIилъизе сабаблъун ккаги. Нух бахъизе пикру кин ккараб, гьеб ккедал, вас-васалъул асар ккечIищ, кин бугониги, бигьаяб иш гурелъул магIарухъ шагьранух бахъи: кьураби гIанлъун, мугIрул гелун, дагьабниги санагIалъи бугеб бакI балагьула?**

-Баркала, дугIа къабулаздасан ратаги киналго. Дирго пикру гьеб рахъалъ баккаралдаса нахъе щибго вас-вас рекIелъ ккечIо. Щайгурелъул, гьеб дир гуреб, умумузулго анищлъун букIараб нух бахъиялъул пикруялъул рахъ ккведал дирго росуцояз гуребги, гьудул-гьалмагълъиялъги, лъале-хъвалезги, ай пикруцоязги. Ахирисеб гамачI нухдаса нахъеги рехун, трактористасда хадуб ахирисеб газа-бел гьенибги кIутIун, жидерго машинабаздаги рекIун, нухлул жидецаго хIалги бихьун гурони, жал гьенисан нахъе унарилан чIана гьел цокIалго, «Церехун, танкал!»-ан жидеего командаги кьун. Кинха вохиларев Аллагьасул кириги, халкъалъул баркалаги цIикIкIараб иш гьабизе БетIергьанас рес кьеялдаса?! Дуцаго абухъе, щиб лъалеб, росдалги магIарухълъиялъулги магIна лъалел, гьелъул берцинлъи бихьарал росуцоял тIадруссун рачIинчIониги, риидалил хIухьбахъиялъе рачIинегицин цIигьаризе ратила чIваднazde сверарал умумузул минаби. Найихъабазул къокъа буго нижер гIезегIан чи жанив вугев. Щивас абулеб буго найги бачун рачIиндал букIине цо-цониги рукъ къачIазе бугилан. Абухъего, мугIрул регула церехун унез. Ниж церехун ана ва сапаралъул доб рагIалде щвана. РекIел ахIигун бухIилъун букIараб шагьранух жакъа «хIадур буго» нухлулал дандчIвазе ва регIизе. Росдал жамагIаталъеги баркала хурзал абун тIирун чIечIого, Аллагьасе гIоло нигатги гьабун, нухлуе ракь кьуралъухъ.

**-КигIан мех араб нух бахъулаго?**

-Нух бахъизе байбихьилалде цебеккунго дица гIарац бакIаризе ккезе бугин абун лъазабун букIана мажгитаздаги, ватсапалдасанги. Аза-азар даражаялъ цIикIкIинабун кьеги БетIергьан Аллагьас нух бахъиялда харж гьабизе шагьипара битIаразе. ТIолго Россиялдасанго абуниги бегьила, битIун бачIана гIарацги. ГIезегIан кумек ккана трактор ижараялъе кьурав ТIадгьакавариса Шамилица ижараялъухъ босулеб гIарцул къадар жиндирги садакъа букIулин гьединаб хIалтIулъинги абун, дагь гьабиялъ. Аллагь разилъаги гьесдаги. Трактористги валагьана АнсалтIаса ШейхмухIамад, гьесулгун дандги бан, кинабго хIажатаб тарабги балагьана, босана ва тIаделъана хIалтIуде. Дуниял квачалелде, ай, ноябралъул байбихьудего, нух Бакьахакьи щвана. КIиго моцIалъ тIадчIун хIалтIана гьенир.

**-Садакъа бальго букIине кколинги абула, букIаниги, бицеха аслиял спонсораллъун щал рукIарал?**

-Дица тIадехун рехсанаха кумек гьабуралщинал киналго, цIарал ккун абичIониги. ТIоцебе баркала росдал бегавул Рамадан ГъазимухIамадовасе, нуж рахъаралъув тIоцеве вахъун чIелин абуравги, сундулъго квербакъун, вахъун чIаравги. Хадубго баркала Шайхулисламил ХIажимурадие, Гьазиев Садикъие ва Нурулаев Нурулагьие. Гьел гIолохъабазул кумек букIинчIебани, захIмалъилаан букIараб хIалтIи. Цогидазе рихине абулеб рагIи гуро, баркала мадугьалзаби Гьадири, Бакьахакьи, ГьачIилъ ва Гьигьалъ-ГIурухъ росабазул магIарухъ ва рехе ругел жамагIатазе, ва цоги нухалъ такрарлъунги, тIолго районцоязе гIарцулаб кумекалъухъ.

**-Дур пикруялда, щибха хисилеб росулъ гьанже?**

-Киданиги берзукьа инаролазул чIиргьи-хъуйги, цIилъилин ва чIаголъилин росуги. ГIезегIан тIабигIат берцинаб бакI буго Бакьахакьи. ИншаАллагь, нилъеда жеги чанги рагIила, бихьила Бакьахакьи жиндиего хасиятаб берцинлъи-чIаголъигун, гьоболгьудул хиралъигун.

**-Абеха цо-кIиго рагIи нухлул хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъги.**

-Нух киналго тIалабалги цIунун бахъараб бугин абуниги, мекъи ккеларо. БатIи-батIиял рахъалги хIисабалде росун, бищун хIинкъи гьечIебги, къокъабги, квал-квал гьечIебги буго гьеб. Щибго квал-квал гьечIого, гьитIинаб-чIахIияб абун балагьичIого, машина хьвадизе ярагьунеб, щуго метра гIеблъи бугеб нух буго гьеб. ХIисабалде росана лъим чвахулел бакIалги.

Жакъа къоялдаги, щибаб къоялъин абуниги бегьила, хьвадулеб транспорт буго гьенибе. Буго хас гьабун нухалъе абун рагьараб гIарцулаб фондги, нухлул киналгIаги харжал гьенисан рукIине руго.

Гьалеха, Хадижат, къокъ гьабун абуни, жакъасеб къоялъул хIакъикъат. ИншаАллагь, нухалдаги росу чIаголъизабиялдаги тIад жеги ургъила, хIалтIила. Баркала




зе бакI хутIичIо ва хIинкъадго борхана телефон. КIалъалей йикIана Бакьахакьи росдал байбихьул школалъе кIикъойилъа цIикIкIун соназ нухмалъи гьабурай ПатIимат Дибирова.

-Канлъи бугониги, бухьен гьечIого хутIаралги лахIзатал гIемер рукIунин, жидер рохел диеги загьир гьабизе бокьун букIанин, кватIун кканин гIайибги гьабугеян гьелъул роха-хинлъараб гьаракьалъ дагьайго гIодойги йиччан, гIенеккана. -АлхIамдулиллагь, рецц Аллагьасе, ниж чIаго рукIадго Бакьахакьи колодеги машинадул нух бахъана,-ян йигоан гьей рохалил магIу ккевезе кIоларого кIалъалей. -Гьале, АхIмадюсупги вуго телефон кодосан бахъизе къеркьолев жиндир гьари бугилан бетIералда ГIарабил МухIамадгун Гьигьалъан Бакьахакьи шагьранух бахъулаго рахъунчIаралщиназе ва гIарцудалъун букIа, техникаялдалъун букIа, дагьабниги кумек-квербакъи гьабуразе, хIатта, дугIа гьабуразегицин, нижер хъизаналъул рахъалдаса ракI-ракIалъулаб баркала райгазеталдаса загьир гьабеян.

Шагьранух - гIумрудул бидурихьалинги абулелъул, щиб лъалеб, араб соналъул ахиралда ахирисел «могиканаз»-нижеца рехун тараб кули чIаголъизеги бегьила. Цин найихъаби рачIина минаби цIигьаризе, жидерго найигун риидалил сезон колода бахъизе, гьезул цIилъаби рихьун, хIухьбахъиялъе рукIинегицин цоги росуцоязги рала, цIигьарила минаби ва цIидасан чIаголъила кули. Кулийин абизеги бокьуларо, цо кидаялиго 15-20 цIалдохъанги, кIиго-лъабго мугIалимги вукIараб школаги букIиндал гьениб, гьебги росу ккола. ГIададайищ дир 50 сон араб гьениб дирго ГьачIилъанги ячIун?! Гьеб гьаригун кIалъалей йикIана киналго, гьелдаса къараб бакI щиб бугеб нижер Бакьахакьи,- ян махсародеги унго-унгодеги абун букIана доб мехалъ сверухъ бугеб берцинлъиялъ асар гьаюрай дица гьалбадерида. -ГьедигIанго рикIкIадаги гьечIин гьадирисездаса, нух щайдай бахъуларебанги паркъолаан пикраби. Кинаб тамашаха дие ккараб, росулъе нух гьенисан гуреб, Гьигьалъан бахъанин бициндал. Бакьахакьисезда берда цере ругел гьадириселги рихьун, мугъзада нахъа ругел гьигьалъал кIочараб куц дидаги.

-РикIкIадаб Хушети шагьранух бахъидал, жидерги хьул къотIуларин нижехъеги щвелин машина,- ан бицана АхIмадюсуп Сажидовас. -ГIасрабаз абиларо, амма районалъул росабалъе нухал рахъизе байбихьаралдаса нахъе росуцоял балагьун чIараб, гьел урхъараб нух букIана гьеб. Канлъи бачизе байбихьаралдаса нахъе киса-кибего хьвалеб гIарзаги гьеб букIана росуцоязул. Кинго гьеб бачине квер хIукуматалъулги щвечIо, хIамуздагун чуязда хъизанлъималги рекIизарун, тIоцебесеб хIажалъиялъул къайи-къоноги босун, цояз - Гьадирисан, цогидаз-Гьигьалъан байбихьана цо-цоккун лъарагIлъиялде, аслияб куцалъ, Гъизляр ва Тарумовка мухъазул росабалъе гочине.

ХIисаб гьабулей йиго, киндай хъизаналъ, шагьранухде щвезегIан молодаги лъун, ячине йикIарай йилъанхъизе кIоларей дун абун,- йиго ПатIиматги.

-Аллагьасе рецц, гьечIоха БетIергьанасул сабаб камураб жо. Сахлъиялда таги Камалудинги, ГIарабил МухIамадги, шагьра бахъулаго гIахьаллъи гьабуралщиналги…

Гьанже лъай-хъвай гьабилин найихъабазе «магъало-гIакIа» къотIарав ГIарабил МухIамадилгун, АхIмадюсупилгун ПатIиматил бадисан баккараб рохалилги пашманлъиялъулгийин абила дица, магIу. Рохалил бичIчIана щаяли. Щай пашманлъиялъул? Щайгурелъул, чанги церечIун ратила гьезда умумулгун гIага-божарал гьеб талихIаб къо бихьичIого ахираталде арал, ва, чIаго рукIаниги, гьеб бихьизе рес ккечIел росуцоял. Гьезул рохалил магIуялъулъ дагьабниги диргги, дида цадахъ рахъунчIаразулги бутIа букIиналдаса вохаравги вуго. Цо лахIзаталъгицин рекIекълъичIо ва асар ккечIо гьеб иш тIаде босиялдаса, гьелъул гIаксалда, вохарав ва чIухIарав вуго.

Хиса-басиялъул бицине цудунго букIаниги, абила, нух бахъизе байбихьилалдего абунин Гъизляралда чIарал росуцояз умумузул минаби цIигьаризе байбихьизе бугин их щварабго. Гьелдасанго бичIчIулеб гьечIищха росулъ ккезе ругел хиса-басиял. Божи буго гьенибги цIидасан рагIилин лъиманужееги, нижер рохел гIахьал гьабулелъухъ. ЦIикIкIаги нилъер газета цIалулелги.

Нагагь ккани, жидерго садакъа-хайрат нухалъе биччазе бокьарал чагIи, картадул номерги хъван теха бокьарасе букIине. Гьале гьеб 2202208315406802.

-Баркала, МухIамад, лъикIаб гара-чIвариялъухъ. Аллагь разилъаги киназдаго. Жеги-жеги гьединал лъикIал ишал гьаризе Аллагьас сахлъи кьеги дуе ва росдал жамагIаталъе.

**P.S.** Ахирги тIубана умумузулги, жакъа рахъ-рахъазде рикьарал бакьахакьисезулги, гьездаго гьорлъ «ахирисев могиканлъун» вугев АхIмадюсупил хъизаналъулги мурад - щвана росулъе шагьранух. Божи буго дунял хинлъилалде сахлъун ПатIиматгун АхIмадюсупги тIадвуссинин, гьезие ракI гьезе мадугьалзабиги раккилин абун. Рохалил гурони хабар рагIугеги.

**Хадижат Залимханова**

# Решение № 1

**Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 30 декабря 2025 г.**

**О структуре органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» на 2026 год**

В целях оптимизации структуры органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» на 2026 г. Собрание депутатов МР «Цумадинский район» - **решило:**

1.Утвердить структуру органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» на 2026 год согласно приложению.

2.В связи с принятием настоящего решения считать утратившим силу решение Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 25.12.2024 г. №1 «О структуре органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» на 2025 год».

3.Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования (обнародования).

**Председатель Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район» Р. Магомедов**

## Структура
## аппаратов органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» на 2026 год

| | Наименование должностей | Группа должностей | Количество штатных единиц | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Муниципальные служащие | | Не относящиеся к муниципальной службе | |
| | | | Входящие в лимит численности | Не входящие в лимит численности | Входящие в лимит численности | Не входящие в лимит численности |
| 1 | Глава района | высшая | 1 | - | - | - |
| 2 | Депутат представительного органа | высшая | 1 | - | - | - |
| | Итого | | **2** | **0** | **0** | **0** |
| Аппарат представительного органа | | | | | | |
| 1 | Ведущий специалист | старшая | 2 | - | - | - |
| | Итого | | **2** | **0** | **0** | **0** |
| Аппарат контрольно-счетного органа | | | | | | |
| 1 | Председатель | высшая | 1 | - | - | - |
| 2 | Инспектор | старшая | 1 | - | - | - |
| | Итого | | 2 | **0** | **0** | **0** |
| Отдел финансов | | | | | | |
| 1 | Начальник отдела | главная | 1 | - | - | - |
| 2 | Зам. нач-ка отдела | ведущая | 1 | - | - | - |
| 3 | Ведущий специалист | старшая | 3 | - | - | - |
| 6 | Водитель | | - | - | 1 | - |
| | Итого | | **5** | **0** | **1** | **0** |
| Руководство Администрации | | | | | | |
| 1 | Зам. главы администрации | высшая | 1 | - | - | - |
| 2 | Зам. главы администрации по общественной безопасности | высшая | 1 | - | - | - |
| 3 | Помощник главы администрации по вопросам противодействия коррупции | ведущая | 1 | - | - | - |
| | Итого | | **3** | **0** | **0** | **0** |
| Отдел экономики, сельского хозяйства, имущественных и земельных отношений | | | | | | |
| 1 | Начальник отдела | главная | 1 | - | - | - |
| 2 | Зам. нач-ка отдела | ведущая | 1 | - | - | - |
| 3 | Главный специалист | старшая | 1 | - | - | - |
| 4 | Ведущий специалист | старшая | 5 | - | - | - |
| 5 | Специалист 1-й категории | младшая | 3 | - | - | - |
| | Итого | | **11** | **0** | **0** | **0** |
| Аппарат антитеррористической комиссии | | | | | | |
| 1 | Главный специалист | старшая | - | 1 | - | - |
| 2 | Специалист 1-й категории | младшая | - | 1 | - | - |
| | Итого | | **0** | **2** | **0** | **0** |
| Аппарат администрации | | | | | | |
| 1 | Руководитель аппарата | главная | 1 | - | - | - |
| 2 | Заведующий архивным отделом | главная | 1 | - | - | - |
| 3 | Ведущий специалист | старшая | 4 | - | - | - |
| 4 | Ведущий специалист по мобилизационной работе | старшая | 1 | - | - | - |
| 5 | Специалист 1-й категории | младшая | 2 | - | - | - |
| 6 | Секретарь (спец-т 1 категории) | младшая | 1 | - | - | - |
| 7 | Уполномоченный по делам ГО и ЧС , главный специалист | старшая | 1 | - | - | - |
| 8 | Секретарь административной комиссии, ведущий специалист | старшая | - | 1 | - | - |
| 9 | Ответственный секретарь по делам несовершеннолетних и защите их прав | старшая | - | 1 | - | - |
| 10 | Водитель | | - | - | 2 | - |
| | Итого | | **11** | **2** | **2** | **0** |
| Отдел внутренней политики и взаимодействия с органами государственной власти | | | | | | |
| 1 | Начальник отдела | главная | 1 | - | - | - |
| 2 | Зам. нач-ка отдела | ведущая | 1 | - | - | - |
| 3 | Главный специалист | старшая | 1 | - | - | - |
| 4 | Вед.специалист по работе с СП | старшая | 2 | - | - | - |
| 5 | Вед. специалист по кадровой работе и охране труда | старшая | 1 | - | - | - |
| | Итого | | 6 | 0 | 0 | 0 |
| **МКУ «Отдел строительства, дорожно-транспортного и жилищно коммунального хозяйств»** | | | | | | |
| 1 | Начальник отдела | | - | - | - | 1 |
| 2 | Зам. нач-ка отдела | | - | - | - | 1 |
| 3 | Инженер II категории | | - | - | - | 1 |
| 4 | Инженер III категории | | - | - | - | 1 |
| 5 | Экономист II категории по договорной и претензионной работе | | - | - | - | 1 |
| 6 | Инженер | | - | - | - | 1 |
| 7 | Водитель грузового транспорта | | - | - | - | 1 |
| | Итого | | **0** | **0** | **0** | **7** |
| | | | | | | |
| МКУ «Единая дежурная диспетчерская служба» | | | | | | |
| 1 | Старший диспетчер | | - | - | - | 1 |
| 2 | Диспетчер | | - | - | - | 4 |
| 3 | Оперативный дежурный | | - | - | - | 4 |
| | Итого | | **0** | **0** | **0** | **9** |
| МБУ «Централизованная бухгалтерия» | | | | | | |
| 1 | Главный бухгалтер | | - | - | - | 1 |
| 2 | Зам. главного бухгалтера | | - | - | - | 1 |
| 3 | Ведущий бухг.- рук-ль группы учета | | - | - | - | 2 |
| 4 | Бухгалтер экономист 1-й категории | | - | - | - | 12 |
| 5 | Секретарь-делопроизводитель | | - | - | - | 1 |
| 6 | Сторож | | - | - | - | 1 |
| 7 | Техничка | | - | - | - | 1 |
| | Итого | | **0** | **0** | **0** | **19** |
| МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма» | | | | | | |
| 1 | Начальник МКУ | | - | - | - | 1 |
| 2 | водитель | | - | - | - | 1 |
| | Отдел спорта и молодежной политики | | | | | |
| 3 | Начальник отдела | | - | - | - | 1 |
| 4 | Методист по молодежной политике | | - | - | - | 1 |
| 5 | Методист по спорту | | - | - | - | 0,5 |
| | Центр тестирования ГТО | | | | | |
| 6 | оператор ВФСК ГТО | | - | - | - | 0,5 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **5** |
| **МКУ «Центр народной культуры и туризма»** | | | | | | |
| 1 | Начальник | | - | - | - | 1 |
| 2 | Главный специалист по туризму и учету объектов культурного наследия | | - | - | - | 1 |
| 3 | Методист - культорганизатор | | | | | 1 |
| 4 | Руководитель клубного формирования | | - | - | - | 0,5 |
| 5 | Артист музыкант-аккомпаниатор | | - | - | - | 0,5 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **4** |
| **МКУ «Цумадинская районная межпоселенческая библиотека»** | | | | | | |
| 1 | Директор | | - | - | - | 1 |
| 2 | Заведующий отделом | | - | - | - | 0,75 |
| 3 | Заведующий отделом | | - | - | - | 0,75 |
| 4 | Заведующий отделом | | - | - | - | 0,75 |
| 5 | Методист | | - | - | - | 0,75 |
| 6 | Методист | | - | - | - | 0,75 |
| 7 | Библиотекарь | | - | - | - | 0,75 |
| 8 | Библиотекарь | | - | - | - | 0,75 |
| | **Филиалы:** | | | | | |
| 9 | №1 с. Верхнее Гаквари | | - | - | - | 0,5 |
| 10 | №2 с. Гадири | | - | - | - | 0,5 |
| 11 | №3 с. Гигатли | | - | - | - | 0,5 |
| 12 | №4 с. Инхоквари | | - | - | - | 0,5 |
| 13 | №5 с. Метрада | | - | - | - | 0,5 |
| 14 | №6 с. Нижнее Гаквари | | - | - | - | 0,5 |
| 15 | №7 с. Ново-Хуштада | | - | - | - | 0,5 |
| 16 | №8 с. Тинди | | - | - | - | 0,5 |
| 17 | №8 с. Тинди | | - | - | - | 0,5 |
| 18 | №9 с. Тисси | | - | - | - | 0,5 |
| 19 | №10 с. Тисси-Ахитли | | - | - | - | 0,5 |
| 20 | №11 с. Хварши | | - | - | - | 0,5 |
| 21 | №12 с. Хуштада | | - | - | - | 0,5 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **12,75** |
| **МКУ «Управление образования»** | | | | | | |
| 1 | Начальник МКУ | | - | - | - | 1 |
| 2 | Зам. начальника | | - | - | - | 1 |
| 3 | Зам. начальника - зав. ИМЦ | | - | - | - | 1 |
| 4 | Методист | | - | - | - | 9 |
| 5 | Делопроизводитель | | - | - | - | 1 |
| 6 | Секретарь | | - | - | - | 1 |
| 7 | Сторож | | - | - | - | 1 |
| 8 | Уборщица служ. помещений | | - | - | - | 2 |
| 9 | Водитель | | - | - | - | 2 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **19** |
| **МКУ «Редакция газеты Голос Цумады»** | | | | | | |
| 1 | Главный редактор | | - | - | - | 1 |
| 2 | Ответственный секретарь | | - | - | - | 1 |
| 3 | Корреспондент | | - | - | - | 2 |
| 4 | Технический редактор | | - | - | - | 1 |
| 5 | Оператор компьютерного набора | | - | - | - | 1 |
| 6 | Техничка-уборщица | | - | - | - | 0,5 |
| 7 | Сторож | | - | - | - | 2 |
| 8 | Водитель | | - | - | - | 1 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **9,5** |
| | **ВСЕГО** | | **42** | **4** | **3** | **85,25** |

Эркенаб гугари

# Мазгарул медалал щвана





Дагъаб цебе Иркутскиялда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб (U-18) эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенство. Дагъистаналъул командаялъе гьениб нухмалъи гьабуна эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул кIицIул чемпион, Россиялъул спорталъул мустахIикъав мастер, нилъер ракьцояв МухIамадрасул ГъазимухIамадовас.

Гьениб мазгарул медалазул хважаинзабилъун рахъана 55 кг. цIайиялда нилъер районалъул ДЮСШялъ куцарав Нажмудин Абакаров ва 92 кг. цIайиялда ТIиндиса Мурад МухIамадов.

Гьелъул хIасилалда гьев кIиявго гугарухъан Россиялъул тIасабищараб командаялде гьорлъе журана.

Волейбол

# Ветераназул къецал



Дагъаб цебе Агъвали гимназиялъул спортивияб залалда тIоритIана ВатIан цIунулесул къоялде данде ккезабун ва СВОялда хварал гIолохъаби ракIалде щвезариялъе ветераназда гьоркьоб волейболалъул къецал.

Гьенир гIахьаллъана ТIадгъаквари, Гьоркьгъаквари, Гьигъалъ, Къеди, Хуштада ва ТIисси росабалъа командаби.

Спортзал цIун букIана ветераназул хIаязухъ балагьизе рачIарал болельщиказ.

Кутакалда лъикIаб хIай бихьизабуна щибаб командаялъ. ХIалуцарал къецазул хIасилазда тIоцебесеб бакI ккуна Хуштада росдал ветераназул командаялъ. КIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде ккана ТIадгъаквари ва Гьоркьгъаквари росабазул командаби.

Бергьарал кIодо гьаруна кубокабаздалъун, медалаздалъун, дипломаздалъун ва къиматал призаздалъун.

# Медведил турниралда ункъо медаль босана



23 февралалда Минск шагьаралда тIобитIана анкьцIул дунялалъул ва лъабцIул олимпиялъул хIаязул чемпион Александр Медвед ракIалде щвезавиялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб Гран-при турнир.



Гьенир гIахьаллъана анцIила ункъо пачалихъалдаса лъабнусгоялдасаги цIикIкIун гугарухъан. Гьезда гьоркьор рукIана Россиялъул, Китаялъул, Хъазахъстаналъул, Бельгиялъул, Великобританиялъул, Сербиялъул, Индиялъул, Япониялъул гугарухъаби.



ЛъикIал хIасилалгун тIадруссана гьенисан нилъер районалъул гугарухъаби.

Турниралъул чемпионаллъун рахъана Агъвалиса МухIамад Тажудинов (65кг.), Хуштадаса МухIамадхIабиб КъадимухIамадов (79кг.).

КIиабилеб бакI ккуна 65 кг. цIайиялда Кванхиса Эльдар АхIмадудиновас.

86 кг. цIайиялда мазгарул медаль щвана ГьигьалъгIурухъа МухIамаднаби МухIамадовасе.

**Гъумер хIадур гъабуна Шамил Бадрудиновас**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула
СагIадулаевич
(87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор
МухIамадова Батул
МухIамадовна

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гъаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1022
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты
Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.